



MAGAZEN ATIK DEZYÈM MEN SIPLI NAN KONTE PALM BEACH

*PALM BEACH COUNTY
SURPLUS THRIFT STORE*

2455 VISTA PARKWAY
WEST PALM BEACH, FL



AVI POU TOUT MOUN K AP SOUMÈT ÒF YO

Tanpri, li enfòmasyon enpòtan ki nan pake sa a pou moun k ap soumèt òf yo.

Ou ka soumèt yon òf pou atik ou vle yo depi ou ka peye pou yo.

Yon fwa ou fin soumèt òf ou pou yon bagay, ou pap ka wete l ni anile l.

PWOSEDI VANT OZANCHÈ YO

Sa a se yon vant ozanchè k ap fèt an silans e se sèl chans w ap genyen pou patisipe ladann. Moun k ap soumèt òf yo ka mete yon sèl òf pou chak lo, kidonk ofri montan ou pi kapab peye a. Kòm dabitid, lè w ap soumèt òf ou, soumèt òf la dapre valè yon atik vo nan zye w ak sa w ka pèmèt tèt ou peye pou atik la. Se sou entènèt pou antre òf nan òdinatè yo mete espesyalman nan Magazen an pou soumèt òf yo. Se pou tout moun k ap soumèt òf yo anrejistre anvan yo plase òf yo. Yo pral bay lo y ap vann ozanchè a, a moun ki soumèt òf ki pi wo a, pouvi ke yo satisfè pri minimòm obligatwa a. Lo ki pa reyisi atenn pri sa a pap gen gayan.

VIZYÒNMAN AK ENSPEKSYON: Ou ka enspekte tout lo ki nan vant ozanchè yo jou vant ozanchè a, apatide 8:00 a.m. Y ap demare yon fwa motè veyikil ak ekipman yo, a apre 8:30 a.m. N ap ankouraje moun k ap soumèt òf yo pou yo egzamine lo ki nan vant ozanchè yo atantivman anvan yo soumèt òf yo.

LÈ POU SOUMÈT ÒF YO: Moun k ap soumèt òf yo ka antre òf yo ant 8:00 a.m. e 11:00 a.m. nan jou vant ozanchè a ap fèt la. Moun k ap soumèt òf yo ki fè liy a 11:00 a.m. ap kapab soumèt òf yo.

PWOSESIS POU ANONSE ÒF KI GENYEN AN: Yo pral anonse òf ki genyen yo selon lòd nimerik lo yo tousuit apre vant ozanchè a fèmen.

ITILIZASYON ÒDINATÈ POU SOUMÈT ÒF YO: Se pou antre òf yo nan youn nan òdinatè ki la espesyalman pou soumèt òf yo. Ap gen yon reprezantan vant ozanchè a k ap la pou l ede moun k ap soumèt òf yo sèvi ak òdinatè yo.

MANADJE MAGAZEN AN KA METE YON LIMIT SOU TAN OU PASE DEVAN ÒDINATÈ POU SOUMÈT ÒF LA.

POU FASILITE W, GEN YON ÒLÒJ K AP MONTRE TAN KI RETE W LA, LI PARÈT SOU ANBA ADWAT EKRAAN POU MOUN K AP SOUMÈT ÒF LA.

GEN MESAJ K AP AVÈTI W SOU KANTITE TAN OU GENYEN, ODEBI, LÈ W RIVE NAN MWATYE TAN AN, AK LÈ TAN AN PRÈT POU FINI. MESAJ SOU KANTITE TAN OU GENYEN ODEBI AK MESAJ KI AVÈTI W TAN AN PRÈSKE FINI, PRAL OBLIJE W KLIKE SOU "OK" POU KONTINYE. MESAJ K AP AVÈTI W LÈ W NAN MWATYE TAN AN PARÈT PANDAN YON TI TAN BYEN KOUT, JIS POU L RAPLE W TAN KI RETE W POU SESYON W LAN.

TANPRI, JERE SESYON W LAN KÒMSADWA. SI YO FÈMEN SESYON W LAN SOU OU, YO PAP PÈMÈT OU KONEKTE TOUSUIT APRE (SE MANADJÈ MAGAZEN AN KI DESIDE TAN POU TANN LAN) EPI OU FÈT POU RETOUNEN NAN FEN LIY MOUN K AP SOUMÈT ÒF LA (TOUDEPANN DE TAN KI DISPONIB POU VANT OZANCHÈ A, SE MANADJÈ MAGAZEN AN SÈL KI KA, SI LI VLE, PÈMÈT OU KÒMANSE YON NOUVO SESYON).

MOUN K AP SOUMÈT ÒF YO E KI PA FÈ SA NAN TAN YO BAY LA, MANADJÈ MAGAZEN AN KA MANDE YO SOTI DEVAN ÒDINATÈ A.

Suiv 7 etap sa yo:

↵	Chwazi LANG (LANGUAGE) ou pito a nan tèt ekran an Klike sou sa w chwazi a avèk bouton ki agòch sourit la
^	Tape NIMEWO IDANTIFIKASYON W KÒM MOUN K AP SOUMÈT ÒF (BIDDER I.D. NUMBER) a nan espas yo bay la Peze bouton TAB la
√	Tape SIYATI w (LAST NAME) nan espas yo bay la Klike sou OK oswa peze bouton ENTER a
↔	LI RÈGLEMAN AK KONDISYON VANT OZANCHÈ (AUCTION SALES TERMS AND CONDITIONS) ki parèt sou ekran an Klike sou bouton "Mwen Dakò (<i>"I Agree"</i>) ki sou ekran an
⇐	Seleksyone atik ki nan lis vant ozanchè a epi METE MONTAN ÒF OU YO (ENTER BID AMOUNTS) an dola antye Peze bouton TAB la pou ka pase de yon atik a yon lòt; soumèt òf ou pou tout atik ou vle yo
↑↑	Klike sou bouton OK ki anba ekran an Ale nan ekran KONFIME ÒF OU (CONFIRM YOUR BID)
⇒	SOUMÈT ÒF OU (SUBMIT YOUR BID) Klike sou bouton >> ki anba ekran an pou anrejistre òf ou a